

## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Desain Panalungtikan

Unggal panalungtikan geus pasti aya pamarekan jeung métode. Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif. Métode anu dipaké nyaéta kuasi ékspérimén. Nurutkeun Nazir, (2014, kc. 73) métode kuasi ékspérimén mangrupa hiji panalungtikan anu ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan heunteu make kelas kontrol. Ieu métode panalungtikan digunakeun keur nguji éféktivitas modél pangajaran *Mind Mapping*. (Arikunto, 2013, kc.123) nétélakeun yén kuasi ékspérimén dibagi jadi tilu nyaéta *One shot case study, pre-test and post-test, jeung static group comparison*.

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun *pre-test* jeung *post-test*, nu dilaksanakeun ku cara méré *pre-test* keur ningali kamampuh awal barudak keur ningali kampiluh awal dina nulis sisindiran, saterusna siswa dibéré *treatment* sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiranna, anu terahir siswa dibéré *post-test* keur ningali parobahan kamampuh siswa nulis sisindiran saréngsena dibéré *treatment*. *Treatment* anu digunakeun nyaéta modél *Mind Mapping*. Desain panalungtikan anu bakal digunakeun digambarkeun ieu di handap.

O1	X	O2
----	---	----

Desain Panalungtikan *pre-test* jeung *post-test*  
Arikunto (2013 kc.124)

**Keterangan:**

- O1 :kamampuh nulis sisindiran saméméh ngagunakeun modél *Mind Mapping*.
- X : *treatment* pangajaran ngagunakeun modél *Mind Mapping*.
- O2 : kamampuh nulis sisindiran sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*.


### 3.2 Sumber Data

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMA KARTIKA XIX-3 Bandung lokasi sakolana di jalan Aceh No.108 (Blk) Kota Bandung. Ieu sakola ngabogaan

salapan kelas. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kelas XI MIPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung anu jumlah muridna aya 16 lalaki jeung 15 awéwé.

### 3.3 Prosédur Panalungtikan

Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Désain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun *pre-test* jeung *post-test*. Prosédur panalungtikan digambarkeun ieu dihandap.



**Bagan 3.1**  
**Prosedur Panalungtikan**

### 3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téknik tés anu dimimitian ku *pre-test* terus dilaksanakeun *post-test*. *Pre-test* mangrupa tés anu dilaksanakeun keur ngukur kamampuh siswa nulis sisindiran saacan dilaksanakeun *treatment* maké model *Mind Mapping*. *Post-test* mangrupa tés anu

dilaksanakeun keur ngukur kamampuh siswa dina nulis sisindiran sabada dilaksanakeun *treatment* ngagunakeun *Mind Mapping*.

Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nyaéta dijelaskeun ieu di handap.

- 1) Guru nerangkeun matéri ngeunaan sisindiran
- 2) Guru méré conto sisindiran ka siswa
- 3) Siswa nyieun sisindiran nu eusina bébas
- 4) Guru méré *treatment* modél *Mind Mapping*
- 5) Siswa nulis sisindiran anu eusi bebas saréngséna diajar ngagunakeun modél *Mind Mapping*

Béda kamampuh siswa dina nulis sisindiran katingali dina skor *pre-test* jeung *post-test* anu geus dilaksanakeun waktu panalungtikan.

### **3.5 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikeun nyaéta tés tulis. Dina prosés panalungtikan ieu baris dilaksanakeun tes awal (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*) nu pungsina pikeun mikanyaho pangaweruh siswa kelas XI MIPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung, saméméh ngagunakeun modél *Mind Mapping* jeung sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*. Ieu di handap mangrupa soal unjuk kerja anu baris dibérékeun ka siswa.

**Gambar 3.2**  
**Instrumén Panalungtikan**  
**Soal Nulis Sisindiran**

**Wasta** :  
**Kelas** :

Jieun sisindiran (wangun paparikan, rarakitan, jeung wawangsalan) masing-masing hiji anu eusina pilih salasahiji antara silih asih, piwuruk atawa sésébréd!

1. Paparikan

.....  
.....  
.....  
.....

2. Rarakitan

.....  
.....  
.....  
.....

3. Wawangsalan

.....  
.....  
wangsalna: .....

### 3.6 Analisis Data

Kagiatan ngolah jeung nganalisis data minangka cara nu digunakeun ngajawab pasualan anu ditalungtik. Ngolah data dilaksanakeun keur mikanyaho hasil *pre-test* jeung *post-test*.

Aya sababaraha léngkah anu dilaksanakeun dina nganalisis data hasil *pre-test* jeung data hasil *post-test*. Patokan kriteria anu dipeunteun nurutkeun (Windyagiri, 2011, kc. 12-14) nu kudu aya dina sisindiran disebutkeun di handap.

- 1) Sapada sisindiran diwangun ku opat padalisan;
- 2) aya kamistian dina sisindiran aya sora panungtung padalisan kahiji jeung katilu sarta kadua jeung kaopat;

- 3) sapadalian sisindiran diwangun ku kecap-kecap anu jumlahna dalapan engang;
- 4) rarakitan kecap awalna sarua di awal kecap jeung dipaké deui dina padalian eusi, nepi ngarakit. Béda jeung paparikan anu ngan sora purwakanti hungkul ditungtung kalimah nu kudu aya;
- 5) wawangsalan dipatok ku dua padalian. Baris kahiji cangkang nu kadua eusi; jeung
- 6) Jumlah engang wawangsalan aya dalapan.

Satuluyna kritéria diluhur dimekarkeun sarta diaplikasikeun kana tabel skala skor jeung aspek nu dipeunteun nurutkeun Nurgiantoro (dina Kuswari, 2010, kc. 159) anu diébréhkeun di handap.

**Tabel 3.1**  
**Skala Skor Aspék anu Dipeunteun dina Tés Nulis Sisindiran**

No.	Aspék nu Dipeunteun	Skor	Kriteria
1	Organisasi Eusi	5	Hadé pisan: hartina sampurna (urutan logis jeung lengkep maham kana papasingan sisindiran).
		4	Hadé: Hartina urutan logis tapi kurang lengkep, maham kana papasingan sisindiran.
		3	Cukup: hartina urutan kurang logis tapi lengkep, kurang maham kana papasingan sisindiran.
		2	Kurang: hartina urutan teu logis tapi lengkep, teu maham papasingan sisindiran.
		1	Kurang pisan: hartina urutan teu logis jeung teu lengkep, teu maham kana papasingan sisindiran, teu pantes diajén.
2	Diksi (pilihan kecap)	5	Hadé pisan: hartina sampurna milih kecap jeung ngébréhkeun kecapna merenah, sarta ngawasa pisan kana pangwangunan kecap.
		4	Hadé: hartina milih kecap jeung ngébréhkeun kecapna merenah, ngan kurang ngawasa kana pangwangunan kecap.
		3	Cukup: hartina kecap kawatesanan, milih kecap jeung ngébréhkeun kecapna cukup merenah
		2	Kurang: hartina kecap kawatesanan, milih kekecapan jeung make kosa kecapna aya nu salah nepi ka ngarobah ma'na
		1	Kurang pisan: hartina dina milih kekecapan asal-alasan. Kurang pangaweruh ngeunaan kosa kecap, teu pantes diajén.
3	Purwakanti	5	Hadé pisan: hartina sampurna (sora kecap unggal

No.	Aspék nu Dipeunteun	Skor	Kriteria
			padalisan sasora/murwakanti saluyu jeung ugeran dina sisindiran).
		4	Hadé: hartina kadang-kadang sora kecap unggal padalisan aya anu teu sasora, tapi saluyu jeung ugeran dina sisindiran.
		3	Cukup: hartina sora kecap unggal padalisan kurang atawa leuwih sasora, tapi saluyu jeung ugeran sisindiran.
		2	Kurang: hartina sora kecap unggal padalisan loba anu teu sasora, teu saluyu jeung ugeran dina sisindiran.
		1	Kurang pisan: hartina sora kecap unggal padalisan aya anu teu saluyu jeung ugeran dina sisindiran, teu pantes diajén.
4	Guru wilangan	5	Hadé pisan: hartina sampurna lengkep euweuh kasalahan dina ngitung guru wilangan.
		4	Hadé: hartina aya saeutik kasalahan dina ngitung guru wilangan.
		3	Cukup: aya sababaraha kasalahan dina ngitung guru wilangan.
		2	Kurang: hartina kurang maham, loba kasalahan dina ngitung guru wilangan.
		1	Kurang pisan: hartina teu lengkep loba pisan kasalahan dina ngitung guru wilangan, teu pantes diajén.
5	Éjahan	5	Hadé pisan: hartina sampurna maham kana aturan penulisan, bener, euweuh kasalahan dina éjahan.
		4	Hadé: hartina cukup maham, kadang salah éjahan tapi teu ngarobah ma'na.
		3	Cukup: hartina cukup maham, loba kasalahan dina éjahan sarta ngarobah ma'na.
		2	Kurang: hartina kurang maham, loba kasalahan dina éjahan sarta ngarobah ma'na
		1	Kurang pisan: hartina teu maham, loba pisan kasalahan sarta ngarobah ma'na.
6	Karapihan Tulisan	5	Hadé pisan: hartina sampurna , rapih, bisa ngaruntuykeun tulisan, jelas ngagunakeun huruf dina tulisan.
		4	Hadé: hartina geus maham, bisa ngaruntuukeun tulisan tapi aya kasalahan ngagunakeun huruf dina tulisan.
		3	Cukup: hartina cukup maham, cukup bisa ngaruntuykeun tulisan, tapi aya sababaraha kasalahan ngagunakeun huruf dina tulisan.
		2	Kurang: hartina kurang maham, kurang bisa ngaruntuykeun tulisan, loba kasalahan ngagunakeun huruf dina tulisan.
		1	Kurang pisan: hartina teu maham, teu bisa

No.	Aspék nu Dipeunteun	Skor	Kriteria
			ngaruntuykeun tulisan sarta teu jelas dina ngagunakeun huruf.

- 1) Méré peunteun jeung nganalisis hasil *pre-test* jeung *post-test* nulis sisindiran, kalawan ngagunakeun rumus:

$$\text{Peunteun} = \frac{\sum \text{skor nu kahontal}}{\sum \text{skor maksimal}} \times 100$$

- 2) Ngasupkeun peunteun kana tabel ieu di handap.

**Tabel 3.2**  
**Tabél Format Peunteun Pre-test jeung Post-test Nulis Sisindiran**

Ngaran Siswa	Aspék nu dipeunteun						P	Kategori
	A	B	C	D	E	F		

**Keterangan:**

- A : Organisasi eusi
- B : Diksi
- C : Purwakanti
- D : Guru wilangan
- E : Éjahan
- F : Karapihan tulisan
- P : Peunteun

**Kategori:**

- Peunteun >75 siswa dianggap mampu nulis sisindiran
- Peunteun <75 siswa dianggap can mampu nulis sisindiran

### 3.6.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilaksanakeun ku cara uji normalitas jeung homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan dianalisis ngagunakeun software SPSS PASW versi 18. *Statistical Product and Service Solutions* (SPSS) nyaéta program pikeun ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik. Data input nu dianalisisn yaéta hasil *pre-test* jeung *post-test*, jeung indeks gain anu saterusna dijabarkeun dina output hasil analisis SPSS.

Rizky Nurfaizi, 2020

*MODEL MIND MAPPING DINA PANGAJARAN NULIS SISINDIRAN (Studi Kuasi Eksperimen ka Kelas XI MIPA XIX-3 BANDUNG Taun Ajaran 2019/2020)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.6.2 Uji Normalitas

Nurutkeun Sujarweni (2007, kc. 55) uji normalitas miboga tujuan pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel nu dipaké dina panalungtikan. Data nu alus jeung layak digunakeun dina panalungtikan nyaéta data nu miboga distribusi normal.

Pikeun nangtukeun data panalungtikan sifatna normal atawa teu normal, bisa digunakeun uji Kolmogrov-Smirnov atawa uji sampel Shapiro Wilk. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

$H_0$ : distribusi data normal

$H_1$ : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji Shapiro Wilk, kutaraf signifikan 5% ( $\alpha=0,05$ ). Kriteria nguji na saperti ieu di handap.

$H_0$  ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi)  $> 0,05$

$H_1$  ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi)  $\leq 0,05$

### 3.6.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun ditarima atawa henteuna hipotésis. Nurutkeun Kadir (2019, kc. 144) nangtukeun uji hipotésis téh aya dua cara. Saupamana data hasil uji normalitas nunjukeun hasil yén éta data téh miboga distribusi data anu normal, kukituna éta data téh dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistik parametris kalawan ngagunakeun t-tes, sedengkeun saumpama data téh teu miboga distribusi anu teu normal, kukituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun statistik non-parametris kalawan ngagunakeun Wilcoxon match pairs Test.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kriteria,  $H_1$ = Aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI MIPA SMA Kartika XIX-3 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Mind Mapping*.  $H_0$ :  $p \geq 0,05$   $H_1$ :  $p < 0,05$ .  $H_0$  (Hipotesis nol) = Teu aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI MIPA SMA Kartika XIX- 3 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Mind Mapping*.  $H_0$ :  $p \geq 0,05$  ,  $H_1$ :  $p < 0,05$ .



